

WE ARE YOUR DOL



Department
of Labor

DWA W ANTANKE YON TRAVAYÈ

Fason Pou Evite Vyolasyon nan Espas Travay

Si w konnen dwa w genyen dapre Lwa Travay Eta Nouyòk, ou ka pwoteje tèt ou nan espas travay la. Men kèk enfòmasyon debaz ak konsèy pou w kenbe nan tèt ou nan travay ou.

SALE

Tout moun gen dwa touche omwen salè minimòm nan, kèlkeswa travay la, oswa ki moun travayè a ka ye a. Si w ap travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn, ou ta dwe resevwa peman siplemantè pou tan siplemantè w ap travay la, byenke gen eksepsyon pou travayè swen nan kay la.

Apati 1ye janvyè 2024, kounye a travayè agrikòl k ap travay plis pase 56 èdtan nan yon semèn yo dwe touche plis, ki ap 1 1/2 fwa montan nòmal yo touche a lè yo travay pou plis lè pase sa yo ta dwe travay.

Pou plis detay sou montan salè minimòm nan Eta Nouyòk, tanpri ale sou dol.ny.gov/minimum-wage.

Salè minimòm nan ak lwa sou lè siplemantè yo aplike pou TOUT TRAVAYÈ yo, menm si ou pa gen papye oswa yo peye w:

- Pa èdtan, pa jou, oswa pa semèn
- Ak lajan kach oswa ak chèk
- Anba tab

Mande fason pou w fè yon reklamasyon si w panse yo pa peye w salè minimòm nan, oswa ou pa resevwa plis lajan pou lè siplemantè w travay. Rele nou nan **888-469-7365**.

KONPANSASYON TRAVAYÈ

Kèlkeswa sityasyon imigrasyon w, ou ka resevwa konpansasyon travayè si w blese nan travay la. Kontakte Defansè Travayè ki Blese pou èd nan **800-580-6665**.

PWOTEJE TÈT OU

Ekri tout enfòmasyon ou kapab, si w bezwen fè yon reklamasyon. Sa gen ladan l:

- Non KONPLÈ moun ki anboche w la (prenon, siyati ak enfòmasyon pou kontakte l)
- Adrès ak/oswa nimewo telefòn kote ou te travay la
- Eta ak nimewo plak machin nan (si yon moun chwazi w pou yon travay)

- Enfòmasyon pou Kontakte (non ak nimewo telefòn)
- Lè w kòmanse ak sispann travay (sa gen ladan l kantite tan w te gen pou w manje)
- Konbyen patwon an te dakò pou peye w
Ekri non konpayi an ki mansyone sou nenpòt pèmi oswa lisans, oswa mande yon kat biznis. Lè sa a, patwon an konnen ou gen enfòmasyon yo e l ap pi difisil pou l pase pye sou nenpòt nan lwa travay yo.

Si w gen yon telefòn ki gen kamera, ou ka pran foto kote w ap travay la ak kòlèg travay ou, ki gen ladan sipèvizè a. Sa ka ede w avèk yon reklamasyon.

SIY AVÈTISMAN

Gen anpil move siy ki ka fè w konnen gen yon vyolasyon lwa travay. Ou ka viktim vòl salè, si w:

- Pa resevwa yon dosye sou lè w travay yo (si yo peye w pa chèk oswa lajan kach)
- Fè w peye pou ekipman ki nesèsè nan travay oswa pou bagay ki kraze nan batiman an
- Travay omwen sis èdtan san poz epi pa gen omwen yon demi èdtan poz pou w manje

Si w gen yon pwoblèm ki gen rapò ak travay ak yon patwon, Depatman Travay ka ede w fè yon reklamasyon.

POU ÈD

Si w ta renmen fè yon reklamasyon, rele Depatman Travay nan eta kote ou te travay la.

Pi ba a w ap jwenn nimewo telefòn pou w rele pou plizyè Depatman Travay.

New York: **888-469-7365**
New Jersey: **609-292-2305**
Connecticut: **860-263-6790**
Pennsylvania: **717-787-4671**
Massachusetts: **617-626-6975**

New York State Department of Labor
Biwo Règleman aK Zafè Imigran
877-466-9757